

# Sedaya Amalan Dipun Catet Lan Pikantuk Piwales

Ust. Tri Widiyanto

## **Khutbah Sepisan**

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا ، مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلٌّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلُ فَلَا هَادِي لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ ، اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوْثِنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

### **Jamaah jum'at rahimakumullah**

Pangalembana syukur *Alhamdulillah* sumangga kita kunjukaken dhumateng Allah *Subhanahu Wa Ta'ala*, awit sedaya kanikmatan ingkang kaparingaken dhateng kita sedaya. Sahingga siang punika panjenengan lan kulo sami saget nindakaken ibadah jum'at ing masjid punika.

Shalawat lan salam mugi kunjuk dhumateng mustakaning jagad, Rasulullah Muhammad *Shalallahu 'Alaihi Wa Salam* ingkang kita tengga syafaatipun ing yaumil qiyamah.

Saklajengipun keparengno khatib ngaturaken wasiat, sumangga kita tingkataken takwa kita dhumateng Allah *Ta'ala*, kanthi nindakaken dhawuh-dhawuhipun lan nebihi awisanipun. Karana kanthi takwa Allah *Ta'ala* badhe mulyaaken kita sami.

Allah *Subhanahu Wa Ta'ala* paring pangandikan:

إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتَقْسِكُمْ

"*Saktemene wong sing paling mulya ing ngarsane Allah, ing antarane sira yaiku wong kang paling takwa*".

(QS. Al Hujurat:13)

### ***Jamaah jum'at rahimakumullah***

Kita sami pitados kanthi yakin, bilih kita sedaya badhe sowan wonten ngayunan dalem Allah *Ta'ala*. Lir gumanti ing antawisipun kita dipun timbali Allah *Subhana Wa Ta'ala*, benten wekdal, benten papan, benten sebabipun, sedaya mboten wonten ingkang pirsa. Pepemutipun kita kedah ngupayaaken punapa ingkang kedah kita cawisaken ing wekdal kita tasih gesang sakmenika.

Allah *Ta'ala* paring pangandikan ing surat Al Hasyr ayat 18:

يَا يَاهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَلَا تَنْظُرُ نَفْسُنَّ مَا قَدَّمَتْ لِغَدٍ ۝  
وَاتَّقُوا اللَّهَ ۝ إِنَّ اللَّهَ خَيْرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ

"He wong-wong kang pada iman! takwaa sira marang Allah, lan sakmesthine sira nggatekake apa kang wus ditindakake kanggo dina esuk (kiamat), lan pada takwaa marang Allah. Temen, Allah dzat ingkang mahateliti marang kabeh kang wus sira tindakake." (QS. Al Hasyr:18)

Punika dhawuhipun Allah *Ta'ala* kangge kita sedaya, supados samekta ing gati nyawisaken sangu kangge dinten akhir.

### ***Jamaah jum'at rahimakumullah***

Sak danganipun kita gesang ing dunya, anggen kita nindakaken amal kesaenan kangge persiapan ngadepi dinten akhir, saestu sedaya ingkang kita tindakaken badhe pikantuk piwales saking ngarsa dalem Allah *Subhanahu Wa Ta'ala*, tumidak sae pikantuk piwales sae kosok wangsulipun ingkang awon pikantuk piwales awon ugi.

Allah *Ta'ala* nyatakaken ing Al Qur'an surat Yasin ayat 12:

إِنَّا نَحْنُ نُحْيِ الْمَوْتَىٰ وَنَكْتُبُ مَا قَدَّمُوا وَآثَارَهُمْ وَكُلَّ شَيْءٍ  
أَحْصَيْنَاهُ فِي إِمَامٍ مُّبِينٍ

"Saktenane ingsun (Allah) nguripake wong-wong kang mati lan ingsun (Allah) nulis apa kang wis ditindakake lan petilasan kang ditinggalake (rikala urip). Lan sak kabehe ingsun (Allah) kumpulake sakjerone kitab sing nyata (Lauh Mahfuzh)." (QS. Yasin:12)

### **Jamaah jum'at rahimakumullah**

Maksud saking ayat punika, bilih mbenjang dinten kiamat Allah *Ta'ala* kuwaos nggesangaken sedaya titahipun, khususipun manungsa sak sampunipun seda, lan badhe pikantuk piwales sedaya amal-amalipun ingkang dipun tindakaken rikala taseh gesang sakmenika. Allah nyatet tumindak becipipun lan tumindak awonipin. Ugi bekas (atsar) amalan ingkang dipun tilaraken sak sampunipun seda. Saben amalan-amalan wau dipun serat ing saklebeting "**Imamul Mubin**" (maksudtipun induk kitab).

يَوْمَ نَدْعُوا كُلَّ أُنَاسٍ بِإِمَامٍ مِّهِمْ

"Elinga ing dina (iku) ingsun (Allah) timbali saben umat kanthi pemimpine".  
(QS. Al Isra:71)

Ingkang dipun maksud "kanthi pemimpine" inggih punika kanthi kitab amalan ingkang dados seksi tumindak awon lan tumindak saenipun.

### ***Jamaah jum'at rahimakumullah***

Amalan kita arupi lelampahan ing sakmangkenipun badhe pikantuk piwales saking ngarsa dalem Allah Ta'ala. Amalan ingkang kita tilaraken banjur diamalaken tiyang sanes (awon punapa sae) badhe ndugekaken ganjaran (amal sae) utawi dosa (tumindak awon).

Pramila mangga kita manfaataken gesang kita ing ngalam ndonya punika, kange tuladha tumindak sae, sahingga kacatet deneng Allah Ta'ala amalan kita amal shaleh.

Satunggal hadits pepemut dhateng kita sedaya:

مَنْ سَنَ سُنَّةً حَسَنَةً فَعُمِلَ بِهَا بَعْدَهُ كَانَ لَهُ أَجْرٌ وَمِثْلُ أُجُورِهِمْ مِنْ غَيْرِ أَنْ  
يَنْقُصَ مِنْ أُجُورِهِمْ شَيْئًا وَمَنْ سَنَ سُنَّةً سَيِّئَةً فَعُمِلَ بِهَا بَعْدَهُ كَانَ عَلَيْهِ وِزْرٌ  
وَمِثْلُ أُوْزَارِهِمْ مِنْ غَيْرِ أَنْ يَنْقُصَ مِنْ أُوْزَارِهِمْ شَيْئًا

"Sing sapa wonge nindakake sak wijining amalan kang becik banjur diamalake wong sak wise, mula bakal ditulis tumrap dheweke ganjaran kang pada wong kang nindakake, tanpa nyuda sethithiko ganjaran sing ditindakake. Sewalike sing sapa nindakake amal kang ala banjur diamalake wong kang sak wise, mula bakal dicatet dosa kang padha, tanpa nyuda sethithiko dosane."

(HR Muslim no:1017)

### ***Jamaah jum'at rahimakumullah***

Mekaten khutbah ingkang khatib aturaken, mugi Allah Ta'ala paring kekiatan dhumateng kita sedaya, saget nindakaken amalan kesaenan lan nebihi sedoyo ingkang awon. Aamiin.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَاسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ

إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ

### **Khutbah Kaping Kalih**

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى أَشْرَافِ الْأَنْبِيَاءِ وَالْمَرْسَلِينَ نَبِيُّنَا مُحَمَّدٌ

مَدِّ

وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ . وَأَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهُدُ  
أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ . يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ ثُقَاتِهِ وَلَا تَمُوْنَ إِلَّا  
وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ . إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّونَ عَلَى النَّبِيِّ ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلَوَاتُهُ عَلَيْهِ  
وَسَلِّمُوا تَسْلِيماً . أَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ وَقَرَابِيهِ  
وَأَرْوَاحِهِ وَذُرِّيَّاتِهِ أَجْمَعِينَ .

أَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ

وَالْأَمْوَاتِ ، إِنَّكَ قَرِيبٌ مُحِبِّ الدَّعَواتِ وَيَا قَاضِي الْحَاجَاتِ

اللَّهُمَّ أَنْتَ اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنْتَ . أَنْتَ الْغَنِيُّ وَنَحْنُ الْفُقَرَاءُ

اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الْهُدَى وَالتُّقَى وَالعَفَافَ وَالغِنَى  
رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَرْوَاحِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةً أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَقِينَ إِمَامًا  
رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ  
وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ